



Reyinyon Enfòmasyon Piblik sou Rekonstriksyon Wout nan Columbia Road ak Kosciuszko Circle sou I-93

Sa k ap pase?

Rezon pou odisyon sa a, se pou bay piblik la yon chans pou li byen konprann kisa yo pwopoze pou pwojè rekonstriksyon wout nan Columbia Road ak Kosciuszko Circle sou I-93 la. Tout kòmantè ak opinyon moun fè konnen nan odisyon an pral ànalize ak pran an konsiderasyon nan mezi maksimòm ki posib.

Ki konsekans sa pral genyen pou ou?

Pwojè yo pwopoze a geyen ladan rekonstriksyon wout sou Columbia Road ak Kosciuszko Circle sou I-93 . Enstalasyon pou bisiklèt la se yon twotwa itilizab y ap mete dapre direktiv pou modèl ki aplikab yo.

Kilè

Jedi 3 avril 2025
6:00 PM

Pou Patisipe

Boston College High School - Cadigan Lecture Hall
150 Morrissey Blvd
Boston, MA 021225

Visit <https://www.mass.gov/orgs/highway-division/events>. pou plis enfòmasyon.



Pou MassDOT sèten moun ka patisipe fasil nan reyinyon li yo, li mete mwayen rezonnab: tradiktè, entèprèt, modifikasyon, akomodasyon, fòma altènatif, ak èd epi sèvis oksilyè. Pou mande sèvis sa yo, ou mèt kontakte Responsab pou Divèsite ak Dwa Sivik MassDOT la nan nimewo 857-368-8580, oswa nan adrès MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us. Pou bay ase tan pou aranjman sa yo, tanpri fè demann ou pi bonnè ou kapab, kidonk ant 10 ak 15 jou anvan aktivite a si sa posib.

Si ou gen nenpòt deklarasyon ekri sou travay yo pwopoze yo, voye li nan adrès sa a: **Carrie A. Lavalley, P.E., Chief Engineer, MassDOT, 10 Park Plaza, Boston, MA 02116, Attention: HIGHWAY DIVISION NIMEWO DOSYE PWOJÈ 613555**